

KONDWI NAN PENNSYLVANI AK YON PÈMI KONDWI ETRANJE

Byenvini nan Pennsilvani!

Nou tèlman kontan ou la e nou espere w'ap pase yon bon moman pandan w'ap eksplòre bèl eta nou an.



Si w gen omwen 16 lane, ou gen yon pèmi kondwi ki valab ki soti nan peyi w, e ou ka konprann siyal trafik yo, ou ka kondwi nan Pennsilvani. Ou kapab sèlman kondwi menm kalite veyikil ou otorize pou w kondwi nan peyi kote w soti a, epi w ap oblije respekte tout restriksyon ki endike sou pèmi kondwi w la. Ou gen obligasyon tou pou w respekte kòd wout Pennsilvani an; pou plis enfòmasyon sou lwa ki gen rapò ak kondwi ak pratik kondwi ki an sekirite, ou ka konsilte manyèl chofè Pennsilvani an, ki disponib sou entènèt nan plis pase 30 lang.

Anvan w vwayaje Ozetazini, ou ka chwazi pou w jwenn yon pèmi kondwi entènasyonal nan peyi w. Yon pèmi kondwi entènasyonal bay tradiksyon lisans chofè w nan plizyè lang, ki gen ladan anglè, epi li ka itil pandan vizit ou. Yon pèmi kondwi entènasyonal pa obligatwa pou kondwi nan Pennsilvani, epi yon pèmi kondwi etranje ki valab sifi pou chofè ki elijib yo.

Si w gen yon pèmi kondwi entènasyonal, ou ta dwe toujou pote li sou ou ansanm ak pèmi kondwi orijinal ou, pou w pare si gen yon kontwòl sou wout la, yon aksidan, oswa si w bezwen asistans nan yon sityasyon ijans. Yon pèmi kondwi entènasyonal pa ranplase lisans chofè w la e li pa valab pou kont li.



Si lapolis kanpe w, y ap mande w prezante pèmi kondwi w ansanm ak papyè machin valab ak yon prèv asirans pou machin w ap kondwi a. Si, pou nenpòt rezon, yo pa kapab konfime idantite w ak pèmi kondwi w la, yo ka mande w prezante paspò w oswa viza w.

Si w gen kesyon konsènan fason pou w kondwi nan Pennsilvani, nou ankouraje w kontakte Sant Apèl Sèvis pou Kliyan Chofè ak Veyikil Depatman Transpò Pennsilvani an nan **717-412-5300**.

Ou ka voye yon imèl tou nan Sant Apèl la atravè sitwèb Sèvis Chofè ak Veyikil yo (www.pa.gov/dmv) lè w chwazi « Kontakte Nou ».

Nou swete w pase yon bon moman isit la e fè bon vwayaj sou wout Pennsilvani yo!

